



Pou Piblikasyon Imedya: 11/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**NAN JOUNEN VETERAN AN, GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJISLATIF POU
PWOTEJE AK SIPÒTE VETERAN YO AK FANMI YO**

***Lejislasyon S.7124A/A.7388B konfòm ak definisyon yon veteran ki sèvi nan epòk
Gè Vyetnam lan***

***Lejislasyon S.3623/A.7514 pèmèt konjwen yo resevwa avantaj pou chomaj si
konjwen yon militè sijè ak yon transfè militè***

***Lejislasyon S.701A/A.1140A kreye Komite Konsiltatif Fanm Veteran yo pou
sipòte ak ede Divizyon Sèvis Veteran an yo pou lokalize, edike ak defann tout
fanm veteran nan eta sa a***

***Lejislasyon S.3638/A.7472 etabli yon gwoup travay sou opòtinite travay pou
veteran***

***Lejislasyon S.2977A/A.6100A egzijeabri pou moun sanzabri yo ak mezon retrèt
yo pou detèmine si rezidan yo se veteran pou konekte yo avèk avantaj yo***

***Lejislasyon S.7125/A.2658 otorize Konte Westchester pou anile frè yo pou
òganizasyon veteran yo***

***Lejislasyon S.6452/A.3920 pèmèt veteran yo ak rezèvis yo resevwa enfòmasyon
sou avantaj yo lè y ap aplike pou lisans chofè oswa lè y ap renouvle li***

***Lejislasyon S.5245A/A.6249A bay kontinuite frè lekòl nan Eta a nan SUNY ak
CUNY pou konjwen ak timoun manm ki an sèvis aktif***

***Lejislasyon S.5743A/A.6528A ede elèv kote paran oswa responsab yo te
transfere nan eta a akòz lòd militè pou enskri nan lekòl pi vit***

Lejislasyon S.5543A/A.7685 elaji sila yo ki elijib pou bous detid MERIT

***Lejislasyon S.763/A.5447 elaji elijibilite veteran an pou kredi sipleman tè pou
nominasyon ak pwomosyon sèvis sivil***

Lejislasyon S.6535/A.4089 pèmèt operatè transbòdè yo pou transpòte sòlda, navigatè ak maren an inifòm yo san frè

Swiv nominasyon resan Reveran Viviana DeCohen kòm Direktè Divizyon Sèvis Veteran Eta New York la.

Foto yo Disponib [La a](#)

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te siyen yon pake lejislatif pou sipòte ak pwoteje veteran ak fanmi yo.

"Manm sèvis aktif ak veteran nou yo te sèvi yon gwo apèl pou pwoteje demokrasi ak libète nou epi kounye a se tou pa nou pou sipòte yo ak fanmi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou siyen pwojè lwa sa yo ki tounen lwa jodi a, n ap pran mezi pou asire veteran yo ak manm lame ki an sèvis aktif yo gen avantaj ak resous yo bezwen epi fleksibilite sikonstans yo egzije pou pi byen pran swen tèt yo ak fanmi yo. Veteran New York yo te defann nou, epi n ap kontinye sipòte yo".

Lejislasyon S.7124A/A.7388B chanje kòmansman Gè Vyetnam lan soti 28 fevriye 1961 rive 1ye novanm 1955. Chanjman sa a fèt pou rekonèt prezans militè nan Repiblik Vyetnam anvan dat presedan ke gouvènman federal ak eta a rekonèt. Avèk ratifikasyon lejislasyon sa a, lwa Eta New York la konfòm ak gouvènman federal la epi pral asire veteran Vyetnam ki New York yo resewa kredi yo merite dèske yo te sèvi nan yon epòk lagè.

Lejislasyon S.3623/A.7514 asire moun ki te kite travay yo ak volonte yo pou akonpaye konjwen yo ki sijè ak transfè militè ap elijib pou avantaj chomaj.

Lejislasyon S.701A/A.1140 kreye Komite Konsiltatif Fanm Veteran yo ke objektif la se sipòte ak ede Divizyon Sèvis Veteran an yo pou lokalize, edike ak defann tout fanm veteran nan Eta New York. Komite pral gen ladan douz manm: sis ke Gouvènè a ap nonmen, de ke Prezidan Pwovizwa Sena a ap nonmen, de ke Oratè Asanble a ap nonmen, youn ke Lidè Minorite Sena a ap nonmen epi youn ke Lidè Minorite Sena a ap nonmen. Moun yo nonmen yo dwe se fanm veteran nan nenpòt branch, sa gen ladan Rezèv yo, ki te libere de fonksyon yo yon fason onorab oswa ki gen yon kondisyon kalifye.

Lejislasyon S.3638/A.7472 etabli yon gwoup travay sou opòtinite travay pou veteran. Gwoup sa a pral gen responsabilite pou reyalize odyans piblik anyèl yo ak fè rekòmandasyon bay lejislati a, konsènan fason eta a kapab ede veteran yo jwenn ak kenbe opòtinite travay ki fè sans. Gwoup travay sa a pral gen ladan pati enterese nan gouvènman eta a, sektè prive a ak enstitisyon edikasyon siperyè yo.

Lejislasyon S.2977A/A.6100A egzije pou tout fòm admisyon pou admisyon oswa rezidans nan nenpòt mezon retrèt, enstalasyon ki bay asistans pou viv oswaabri pou moun sanzabri, pou mande moun yo si yo menm oswa konjwen yo te janm sèvi nan

lame. Idantifye moun ki se veteran oswa konjwen veteran pèmèt eta a ede moun sa yo resevwa avantaj yo te genyen epi ke yo gen dwa pou yo resevwa.

Lejislasyon S.7125/A.2658 otorize Konte Westchester pou anile kèk frè pou òganizasyon veteran yo. Anilasyon sa a fasilite konstriksyon ak amelyorasyon pòs veteran yo nan zòn lan pou veteran yo kapab viv yon sans kominote ki sanble ak sa yo te viv pandan yo te manm ki an sèvis aktif.

Lejislasyon S.6452/A.3920 pèmèt veteran yo ak rezèvis yo resevwa enfòmasyon sou avantaj yo lè y ap aplike pou lisans chofè oswa lè y ap renouvle li. Sa pral asire veteran yo konsyan de avantaj yo ka gen dwa ak yo nan kad lwa federal ak eta a.

Lejislasyon S.5245A/A.6249 bay kontinuite frè lekòl nan eta a nan kolèj SUNY ak CUNY pou konjwen ak timoun manm ki an sèvis aktif apre afektasyon yo nan New York.

Lejislasyon S.5743A/A.6528 pèmèt timoun fanmi militè ki transfere yo akòz lòd militè pou enskri dabò nan lekòl kote yo pral vin yon elèv. Enskripsyon avanse sa a asire yon tranzisyon fasil ak diminye estrès akòz klas yo rate yo epi chanje kou pandan ane lekòl la.

Lejislasyon S.5543A/A.7685 elaji Bous Detid Rekonesans, Ankourajman ak Omaj Militè (Military Enhanced Recognition, Incentive and Tribute, MERIT) nan Eta a nan rann li disponib pou tout fanmi ki tonbe ak manm sèvis andikape nan retire egzijans sèvis militè aktyèl la ki rive ak apre 2 out 1990 pou timoun yo ak konjwen yo ka elijib pou resevwa bous detid sa a.

Lejislasyon S.763/A.5447 bay tout gason ak fanm ki te sèvi avèk kapasite pou resevwa kredi pou nominasyon ak pwomosyon sèvis sivil yo nan retire restriksyon kote sèlman veteran konbatan yo kapab resevwa kredi.

Lejislasyon S.6535/A.4089 otorize yon konsèy sipèvizè konte egzije transbòdè k ap fonksyone yo nan peyi sa a pou bay transpò gratis pou nenpòt manm nan fòs lame Etazini ki an inifòm pandan rekritman li. Anilasyon frè sa yo se yon aksyon remèsiman pou gason ak fanm brav yo ki sèvi peyi nou an.

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Kòm pitit fi ak sè veteran yo, mwen gen yon plas espesyal nan kè mwen pou tout veteran yo. Veteran nou yo ak pèsonèl militè aktif la te fè sakrifis brav pou defann ak prezève libète peyi nou an. Yo te reponn ak apèl la pou sèvi epi nou gen yon dèt gratid anvè yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pake pwojè lwa sa yo nan Jounen Veteran an yo pou ede bay sèvis ak sipò yo te genyen. Fasilite tranzisyon veteran yo pou tounen nan lavi sivil se yon priyorite pou Majorite Demokratik Sena a epi seri pwojè lwa sa yo pral fè avanse misyon sa a".

Senatè John E. Brooks te deklare, "Nan jou sa a, nou pran poz pou rekonèt sila yo ki te sèvi peyi nou an nan fason ki pi onorab la, tankou veteran sèvis lame nou yo. Gason ak fanm sa yo te angaje tèt yo pou pwoteje libète ke nou menm kòm Ameriken jwi epi mwen konsidere li kòm yon privilèj pou defann yo nan Sena Eta New York la antanke Prezidan Komite Veteran an yo. Mwen aplodi Gouvènè Hochul dèske li abòde bezwen inik veteran nou yo ak onore yo jodi a nan siyen tèks lejislatif enpòtan sa yo pou tounen lwa".

Senatè Shelley B. Mayer te deklare, "Òganizasyon veteran yo jwe yon wòl vital nan sèvi kominote veteran nou an. Lwa sa a, ke mwen te sipòte nan Sena a, pral pèmèt Konte Westchester pou anile frè ki asosye avèk amelyorasyon kapital òganizasyon veteran yo ak rann li pi fasil pou yo pou envesti nan enstalasyon yo -- sa gen ladan ogmante aksesibilite pou veteran k ap vyeyi yo. Espas sa yo esansyèl pou pèmèt veteran yo rasanble ak kenbe sans koneksyon yo te genyen pandan sèvis aktif la. Malgre nou pa kapab janm ranbouse yo konplètman pou sèvis yo, mwen kontan nou kapab sipòte yo avèk nouvo lwa sa a. Mwen remèsye patnè Manm Asanble mwen an, Manm Asanble Nader Sayegh ak Gouvènè Kathy Hochul dèske yo sipòte inisyativ sa a".

Senatè Andrew Gounardes te deklare, "Veteran nou yo merite yon bann remèsiman kèlkeswa sitiyasyon konba yo. Lè yo tounen lakay epi kontinye sèvis piblik yo nan travay nan gouvènman an, nou ta dwe pèmèt yo jwenn menm avantaj nan tout nivo pou rann li pi fasil pou yo kontinye sèvi. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li fè sa tounen yon priyorite".

Senatè Peter Harckham te deklare, "Veteran nou yo ak manm fanmi yo merite tout avantaj bon kalite federal ak eta a mete disponib. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa mwen an ki pral asire founisè swen sante ak swen rezidansyèl yo etabli sitiyasyon veteran yon moun nan fòm admisyon yo. Pou anpil moun, sa pral ogmante disponibilite kouvèti swen sante epi ede detèmine elijibilite pou sèvis apwopriye—yon demann senp ki pral sipòte byennèt Veteran nou yo ak sove lavi alontèm".

Senatè Anna M. Kaplan, te deklare, "Fanm yo ki sèvi peyi nou an nan Fòs Lame yo te genyen plis pase sèlman admirasyon yon kominote rekonesan, yo te genyen dwa pou jwenn aksè nan pwogram ak sèvis ki sipòte yo lè yo tounen lakay. Twò souvan, fanm Veteran yo fè fas ak obstak nan jwenn aksè ak sèvis ki disponib pou yo epi nou dwe fè mye kòm yon gouvènman lè sa gen pou wè ak sèvi tout ewo nou yo. Mwen fyè dèske mwen te sipòte lejislasyon ki kreye premye Komite Konsiltatif Fanm Veteran ki fòmèl pou sipòte ak defann fanm Veteran yo atravè Eta a, epi mwen rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul dèske li siyen lwa sa a ak asire okenn nan Veteran nou yo pa pase inapèsi".

Senatè Elijah Reichlin-Melnick te deklare, "New York onore veteran yo epi gen kèk nan pwogram sipò ki pi solid pou veteran yo nan tout peyi a. Malerezman, anpil veteran pa konsyan de anpil gam sèvis, sipò ak avantaj ki disponib pou yo isit la. Mwen

fyè dèske mwen te sipòte pwojè lwa sa a ki pral egzije DMV (Depatman Veyikil a Motè) ede veteran yo konprann pwogram ke New York gen disponib pou yo, epi egzije pou DMV bay enfòmasyon kontak veteran yo nan Depatman Sèvis Veteran an. Pandan toujou gen travay ki pou fèt pou kontakte veteran yo, nouvo zouti sa a nan bwat zouti a pral ede konekte plis veteran nan avantaj ak sèvis yo merite yo. Mwen remèsye Manm Asanble, Jeffrey Dinowitz, dèske li te defann pwojè lwa sa a nan Asanble a ak Gouvènè Hochul dèske li siyen lejislasyon enpòtan sa a".

Senatè James Skoufis te deklare, "Nou deja mande pèsonèl militè nou an twòp epi yo pa ta dwe gen pou franchi etap siplemantè pou asire fanmi yo santi yo estab ak jwenn sipò. Nan otorize elèv yo enskri pou lekòl anvan yo te rive nan pòs, n ap trase wout pou siksè alavni yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul poutèt li fè sa ki kòrèk pou fanmi militè nou yo".

Senatè Rob Ortt te deklare, "Kòm yon veteran Operasyon Libète Dirab (Operation Enduring Liberty) nan Afganistan, mwen konnen dirèkteman sakrifis veteran nou yo ak fanmi yo te fè nan sèvis pou peyi nou an. Li primòdyal pou nou menm, kòm yon eta, bay resous nesèsè pou ede fanmi militè yo isit la lakay epi asire n ap sipòte veteran yo avèk tout opòtinite pou reyisi yon fwa yo kite fòs lame nou yo. Mwen fyè dèske mwen te sipòte de nan tèks lejislatif vital sa yo epi felisite Eta New York dèske li mete aksan sou ede veteran nou yo pwospere nan karyè apre sèvis militè yo".

Manm Asanble Didi Barrett te deklare, "Nan Jounen Veteran nou an, nou onore istorikman manm sèvis nou yo ak fanmi yo pou sakrifis yo te fè nan defann peyi nou, kidonk, mwen espesyalman kontan ke Gouvènè Hochul te chwazi jodi a reyafime rekonesans Eta New York sou sèvis yo nan siyen lejislasyon an mwen te dirije pou elaji elijibilite pou pwogram Bous detid MERIT la, ansanm ak lejislasyon pou chanje dat kòmansman Gè Vyetnam lan, dapre lwa Eta New York la, soti 28 fevriye 1961 rive 1ye novanm 1955. Tou de pwojè lwa sa yo pèmèt plis nan veteran nou yo ak fanmi yo jwenn aksè ak avantaj enpòtan yo nan eta a. Ekspansyon Bous detid MERIT la -- pou ogmante elijibilite pou veteran ki andikape gravman ak yon fason pèmanan epi depandan yo, depandan manm sèvis yo konsidere kòm MIA ak plis manm fanmi dirèk (Gold Star Families) -- yon bagay yo t ap tann lontan. Mwen espere chanjman sa yo pral ankouraje veteran nou yo ak manm fanmi yo, ki te deja peye yon gwo pri, pou reyalize rèv edikatif yo".

Manm Asanble Peter Abbate, Jr. te deklare, "Mwen fyè pou mwen sipòte lejislasyon sa a ki bay egalite pou tout veteran yo pou resevwa kredi pou nominasyon ak pwomosyon sèvis sivil yo. Gason ak fanm brav nou yo ki volontè pou sèvi ak pwoteje gwo peyi nou an merite avantaj sa yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa a".

Manm Asanble Edward Braunstein te deklare, "Pandan n ap onore sila yo ki sèvi peyi nou an nan Jounen Veteran sa a, mwen fyè wè pwojè lwa sa a pou senplifye enskripsyon lekòl pou fanmi militè yo ki siyen pou tounen lwa. Lejislasyon sa a pral ede soulaje difikilte enskripsyon inik nan lekòl ke fanmi militè yo fè fas ak ofri timoun yo pi

bon eksperyans edikatif posib pandan y ap rele Eta New York lakay yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa a ak Senatè Skoufis pou patenarya li nan inisyativ sa a".

Manm Asanble, Marianne Buttenschon te deklare, "Pwojè lwa mwen an ki te siyen pou tounen lwa jodi a ede founi yon chemen ki mennen nan edikasyon siperyè abòdab, bon kalite pou elèv aspiran nan fanmi militè yo. Anpil manm militè ak pwòch yo abitye ak demenajman, men fòse yon elèv nan ka sa yo chanje sibatman plan edikatif yo oswa peye frè lekòl ki chè andeyò eta a se yon bagay ki pa jis. Manm sèvis nou yo ak fanmi yo fè gwo sakrifis pou peyi nou an epi merite tout opòtinite pou yo reyisi. M ap kontinye sipòte yo ak batay pou ba yo resous yo te genyen yon fason lejitim".

Manm Asanble a Michael Cusick te deklare, "Malerezman veteran militè nou yo souvan pa byen pwofite sèvis ki disponib pou yo. Sèvi nan lame Ameriken bay veteran nou yo dwa ak yon bann gam resous ki kapab trè benefik. Kit se akòz mank sansibilizasyon oswa mank aksè, anpil nan reous sa yo souvan rete san eksplwate. Egzije enstalasyon rezidan yo pou pran enfòmasyon sou sèvis militè ki presede nan fòm admisyon yo a asire ke nenpòt veteran k ap antre nan youn nan etablisman sa yo ap idantifye ak jwenn aksè ak resous ak sèvis ki disponib pou yo. Veteran nou yo te fè sakrifis ak bay anpil de yo pou peyi nou an epi se responsabilite nou pou ba yo resous yo bezwen yo. Pandan n ap selebre Jounen Veteran an, mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul dèske li siyen lejislasyon sa a nan kad yon angajman pataje pou sèvi sila yo ki te sèvi pou nou".

Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare, "Twò souvan, veteran yo pa konsyan oswa pa sèten de avantaj ki disponib pou yo. Sa yo se moun ki te sèvi peyi nou an avèk kouraj epi nou dwe fè tout sa nou kapab pou asire chak grenn nan yo konsyan de resous ke gouvènman federal ak eta nou an ofri pou veteran yo. Bay DMV responsabilite pou founi enfòmasyon sa yo bay tout moun ki mande yon deziyasyon veteran sou kat idantite eta yo a se yon bagay ki lojik. Mwen fyè dèske lejislasyon mwen an, ki te adopte totalman nan tou de chanm yo, te siyen pou tounen lwa pa Gouvènè Hochul".

Manm Asanble Mathylde Frontus, te deklare, "Manm lame ak fanmi yo fè tèlman sakrifis pou peyi nou an, sa gen ladan volonte yo pou derasinen lavi yo epi deplase atravè peyi a lè sa nesesè. Pi piti nou kapab fè se bay sipò ak avantaj yo merite resewa. Pwojè lwa sa a pral korije yon neglijan nan sistèm chomaj nou an epi asire konjwen militè yo ki oblije kite travay yo akòz yon reyafektasyon kapab jwenn avantaj pandan y ap chèche yon nouvo travay. Mwen fyè dèske mwen te adopte pwojè lwa sa a epi kontan anpil ke Gouvènè Hochul ap siyen li pou tounen lwa nan Jounen Veteran sa a pandan n ap onore ewo militè nou yo".

Manm Asanble Nader Sayegh, te deklare, "Òganizasyon Veteran yo jwe yon wòl enpòtan nan asire veteran yo kapab kontinye viv sans kominote yo te santi nan tan pase lè yo te manm an sèvis aktif. Se poutèt sa mwen sipòte lejislasyon sa a pou ede pòs veteran yo lè y ap fè gwo amelyorasyon nan bilding yo, nan pèmèt Lejislati Konte

Westchester a anile anpil frè ki asosye avèk pwojè konstriksyon yo. Mwen remèsye Senatè Shelley Mayer dèske li sipòte pwojè lwa a nan Sena a epi mwen aplodi Gouvènè Kathy Hochul dèske li siyen lejislasyon sa a pou tounen yon lwa nan Jounen Veteran an".

Manm Asanble Lejislativ la, Steve Stern, te deklare, "Kòm yon manm Komite Asanble sou Zafè Veteran nan Eta New York, se privilèj mwen pou m travay avèk ak pou gason ak fanm brav yo ki te sakrifye anpil bagay pou pwoteje gwo peyi nou an ak pou fanmi yo. Se poutèt sa mwen fyè pou m sipòte ak adopte lejislasyon k ap kreye yon Gwoup Travay sou Travay pou Veteran pou ede veteran yo jwenn ak kenbe travay ki byen peye. Lè yon sòlda pati pou pwoteje peyi nou an, sa pa akseptab ke li ta dwe gen difikilte pou jwenn travay siyifikatif lè li tounen lakay. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen lejislasyon enpòtan sa a epi mwen rete angaje pou asire veteran nou yo resevwa rekonesans, sipò ak sèvis yo merite".

Monica Wallace, ki se Manm Asanble, te deklare, "Jodi a, fanm yo reprezante anviwon youn nan sis manm sèvis yo, epi apeprè de milyon fanm te sèvi peyi nou an avèk onè ak distenksyon. Nou dwe li ak yo pou ede idantifye ak abòde difikilte ewo brav sa yo fè fas lè y ap retounen nan lavi sivil. Komite sa a pral asire pwogram ak sèvis veteran yo nan New York satisfè bezwen inik fanm yo ki te reponn ak apèl la fè fas. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen lejislasyon vital sa a, epi kòm toujou, mwen remèsye fanm ak gason brav yo ki te mete lavi yo andanje yon fason dezenterese pou defann peyi nou an".

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)